


**Nyenicubahiro Mukuru w'igihugu cacu c'Uburundi,  
mukaba n'Umukuru w'Inama Nkuru y'Inararibonye z'umugambwe CNDD-FDD**

1. Twebwe Abagumyabanga bajewe amabanga atandukanye mu nzego z'umugambwe CNDD-FDD ni zi gihugu, turi n'iteka ryo kubamenyesha aho duhagaze ku kibazo cerekeye umukandida umugambwe CNDD-FDD woshira imbere mu matora y'Umukuru w'igihugu azoba muri uno mwanka wa 2015.
2. Ico kibazo ni inkoramutima, kandi kiraje ishingira Abarundi benshi. Ni naco gituma twasanze dutegerezwa gushimangira ingingo yafashwe n'abagize Inama nkuru y'Inararibonye tukava mu gacerere tukemera kumugaragarako ko tudashigikiye ko mwiyonzeza ikindi kiringo.
3. Twebwe indongozi z'umugambwe CNDD-FDD, turashima intambwe mugejejeko igihugu cacu mu bisata bitandukanye vy'ubuzima bw'igihugu, haba mu vya politike, ivy'umubano, n'ivy'ubutunzi.
4. Ariko rero twihweje icuka kiri mu gihugu muri kino gihe, twobasaba, Nyenicubahiro, ko mwofata nka nkama umwitwarariko w'Abagumyabanga benshi mukareka kwitoza mu kibanza c'Umukuru w'igihugu muri aya matora twimirije. Umugambwe CNDD-FDD urashobora kuronka kandi ukagena biciye mu mategeko y'umugambwe wacu uwundi mukandida.
5. Mubikoze gurtyo, muzoba muhitiyemwo neza Uburundi n'Abarundi, ndetse n'izina ryanyu rizoba rurangiranwa mu mateka y'igihugu cacu no mu makungu nk'umuntu yaharanije amahoro mu gihugu cacu hamwe n'agateka ka benegihugu arongoye.
6. Mw'ibwirizwa Shingiro, hariho ingingo aba canke bariya batumva kumwe ku vyerekeye ibiringo mumaze murongoye igihugu. Ku bwacu, inyishu y'ico kibazo gifatiye ku mpari zihari muri kino gihe ku vyerekeye ikindi kirongo (mandat), ntawoyironderera mu gusoma ibwirizwa Shingiro ryonyene, ahubwo igomba kurondererwa cane cane mu ntumbero ya politike no mu karangamutima k'umugambwe CNDD-FDD kemeza ko Umugumyabanga ategerezwa guharanira inyungu za benshi imbere y'inyungu ziwe, z'umuntu umwe canke babiri.

Amakuru dufise atumenyesha ko hari abashobora gufatira ku ngingo yitwa ko itubahirijwe na cane cane mu vyo Abarundi basezeranye Arusha bikababera imbarutso yo gukwegera mu kaga igihugu, amarira n'ubukene butagira izina bikugariza Uburundi.



7. Kubera ivyo vyose, tubasavye rero, Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu, mukaba muri n'Umukuru w'Inama nkuru y'Inararibonye mu mugambwe CNDD-FDD, ko icyo kibazo c'umukandida w'umugambwe CNDD-FDD tubashikirije: cotorerwa inyishu neza mu bwitonzi, nk'uko tubibasavye, guryo muhumurize Abagumyabanga, Abarundi bose, ndetse n'amakungu.
8. Twifuza kandi ko ikoraniro kaminuza ry'umugambwe CNDD-FDD rizohamagarirwa icyo gikorwa ryotunganywa hisunzwe amategeko, akarangamutima k'umugambwe CNDD-FDD na Demokorasi. icyo kibanza kize cegukire Umugumyabanga atowe na benshi kandi ashobora no kwizegwa n'abandi barundi.
9. Tubaye tubakengurukiye, Nyenicubahiro, ku kuntu muza kwakira ibi vyiyumviro.

Bigiriwe i Bujumbura, itariki ya 20 Ntwarante 2015

Abateye ko igikumu kuri runo rwandiko

1. HATUNSIMANA Léonidas (Toussaint) Porte Parole du Président de la République *Hatunsimana Léonidas*
2. NDUWIMANA Désirée, Porte parole du parti *NDUWIMANA Désirée*
3. KANYANGE Geneviève *Prés. L. Farmer* *Kanyange Geneviève*
4. NYANZUZI Anselme *Com. Secrétaire Provincial et Gouverneur de Province* *Nyanzuzi Anselme*
5. Honorable BUCUMI Marie *Membre du conseil consultatif du parti CNDD-FDD* *Vice Président de la Commission chargée des suivi-évaluation du parti CNDD-FDD*

*[Signature]*

SARAHETANA François : Membre du Parlement du Rwanda  
Chargé de la Banque  
en prov. Paysan-banque

NIRAGIRA Jean Béchir : univ. Ujuzima  
M/ubwari Is. huzungu  
Sociétaire PEE (Paysan Energie et Eau)  
Nigé

Hon N. ANZIZA Oscar : Membre du parlement  
Burundais

NTORERA Gabriel : Président élu local  
Communal - Uupizo  
Président U.P.A.  
Tsinbaz

SIMBARWANA J. Barcha :  
- Conseiller Principal A.N.  
- Président du conseil local  
MIP.H.H.

NDUWAYO Dismas :  
- Conseiller à la 2<sup>e</sup> Vice-Présidence  
- Commissaire L.J. / Commune  
RYANSORO

Hon. Sén. SURWUMWE Edouard.  
circonscription de RUVI. ~~Gué~~

Hon. Evariste NSABIYUNVA  
Secrétaire du Conseil National  
Consultatif et Président du  
Conseil Communal de  
RUCENYUZI

Mr. KEDACE KICWAHA ~~Chwaha~~ (Jhaha)  
RUVUZI

Mr. NIYIHORA Cyrille,  
Secrétaire Permanent  
au Ministère de la Jeunesse, des  
Sports et de la Culture.

Ing. MURENGERA NTUMIRI Epiméque  
Président Groupe de front.

Ndemera Anicet

Président Communal du PARTI CNVA-FDS  
RWGATUBA, RAF a' K SPAE BURURU.

**Excellence, Monsieur le Président de la République du Burundi**

**Et Président du Conseil des sages du parti CNDD-FDD**

1. Nous, les militants du parti, chargés d'autres responsabilités au niveau du parti et du pays, avons l'insigne honneur de nous adresser à Vous pour Vous faire part de notre prise de position par rapport à la question relative au candidat que le parti compte présenter pour la prochaine élection présidentielle de 2015.
2. Cette question est tellement cruciale qu'elle préoccupe la plupart des burundais. C'est pour cela qu'il nous semble important de soutenir le point de vue du Conseil des sages. Nous quittons notre silence pour affirmer le plus clairement possible que nous ne Vous soutenons pas pour un prochain mandat présidentiel.
3. En tant que dirigeants du parti CNDD-FDD, nous apprécions hautement le pas que le pays a franchi sous Votre sage direction et cela dans tous les secteurs de la vie : politique, sociale et économique.
4. Mais compte tenu du climat malsain qui prévaut actuellement dans le pays, nous Vous prions, Excellence, de prendre en compte les préoccupations des militants du parti et de renoncer à Vous présenter à la prochaine candidature présidentielle. Le parti peut trouver et désigner légalement un autre candidat.
5. Et si Vous suivez notre conseil, Vous aurez fait un excellent choix pour le Burundi et pour les Burundais, et Votre nom sera inscrit en lettre d'or dans les annales de l'histoire de notre pays et du monde. L'humanité vous respectera comme un grand défenseur de la paix et des droits des citoyens que Vous dirigez.
6. La Constitution contient des dispositions que des personnes interprètent différemment à propos du nombre de mandats présidentiels que Vous avez déjà passé à la tête du pays. Pour notre part, la réponse à cette problématique qui trouve son origine dans le prochain mandat n'est pas à chercher uniquement dans la Constitution. La réponse se trouve aussi et surtout sur le plan politique et dans l'idéologie du parti CNDD-FDD qui prévoit clairement que les militants doivent travailler avant tout pour l'intérêt public avant l'intérêt personnel ou l'intérêt d'une ou de deux personnes.

Or des informations en notre possession montrent qu'il existe parmi des responsables actuels des gens qui risquent d'aller à l'encontre de l'Accord d'Arusha. Ce qui risque de provoquer une situation incontrôlable dans tout le pays avec toute la cohorte des malheurs pour le Burundi.

7. Compte tenu de tout cela nous Vous prions, Excellence Monsieur le Président de la République et Président du Conseil des sages du parti CNDD-FDD d'analyser et de trouver la solution à cette question du candidat présidentiable du parti CNDD-FDD dans la sagesse. Il serait bon que Vous suiviez notre conseil et que Vous tranquillisez les militants du parti, les Burundais et le monde.

8. Nous souhaitons enfin que le prochain congrès du parti CNDD-FDD qui va se tenir bientôt pour se pencher sur la question, conformément à la loi, soit guidé par l'esprit de l'idéologie du parti CNDD-FDD et se déroule démocratiquement afin que la place du prochain candidat à l'élection présidentielle revienne à un militant consensuel, bénéficiant du soutien de la majorité des congressistes et pouvant obtenir la confiance des autres Burundais.
9. Nous Vous remercions d'avance, Excellence, pour l'accueil que Vous réserverez au contenu de cette correspondance.

Fait à Bujumbura, le 20 mars 2015.

Les signataires.